

## Konpann pwogrè akademik pitit ou.

Konpann pwogrè akademik pitit ou enpòtan pitit ou reyisi nan lekòl. Lè w konnen ki jan yo byen pase nan etid yo, ou kapab sipòte ak gide yo yon fason efikas. Gen plizyè fason lekòl pitit ou a kapab evalye aprantisaj yo, tankou egzamen ak devwa. Sa yo bay apèsi enpòtan sou pakou edikasyon yo.

Lekòl la pral pataje pwogrè pitit ou nan plizyè fason. Yo kapab voye imel oswa mesaj ak mwayèn pitit ou oswa rezilta tès yo. Yo ka voye lèt oswa rele lakay yo tou. Chak lekòl gen yon konferans paran-pwofesè kote fanmi ou ka rankontre ak pwofesè a pou aprann de pwogrè pitit ou a. Li enpòtan pou ale nan rankont sa yo. Si w pa alèz pou itilize anglè, ou kapab mande yon entèprèt. Pale ak pwofesè pitit ou a pou konnen ki opsyon ou genyen. Ou kapab aprann tou de entèprèt yo nan seksyon itilize entèprèt nou an.

Konprann pwogrè akademik pitit ou a pèmèt ou ede pitit ou a epi sipòte li. Si w remake domèn kote yo gen difikilte, ou kapab ofri plis èd. Gen kèk opsyon ki enkli leson patikilye oswa pratik siplemantè nan kay la. Selebre reyalizasyon yo ak efò yo ap motive yo tou pou yo kontinye travay di. Kontinye li pou aprann kijan pou sipòte pitit ou a ak fason lekòl yo verifye pwogrè pitit ou.

## Ki jan ou kapab ede konprann pwogrè akademik pitit ou?

**Menm si w okipe**, ou kapab toujou ede pitit ou. Kesyone yo sou ki jan yo ye ak sa yo ap aprann lekòl la. Pandan yo vin pi gran, ou kapab ankouraje yo pou yo mande lekòl yo èd. Yo kapab rantre nan pwogram pou ede yo aprann ak grandi. Men kèk lòt ide ak egzanp.

Ou ka ede pitit ou a menm si anglè pa premye lang ou oswa si esperyans ou ak lekòl la te diferan. Ou ka ede pitit ou a nan plizyè fason.

### Kontinye suiv pwogrè pitit ou.

Ou ka ede pitit ou a nan plizyè fason. Anpil lekòl itilize pòtal anliy pou bay fanmi yo enfòmasyon sou pwogrè pitit yo. Gen kèk pòtal anliy komen ki enkli Infinite Campus, Class Dojo, Bloomz, ak Power School. Ou kapab mande pwofesè pitit ou oswa lòt

anplwaye lekòl la tou. Pwofesè yo souvan pataje pwogrè pitit ou a pandan evènman lekòl tankou konferans paran-pwofesè.

## **Rete ajou.**

Pitit ou kapab bliye pataje enfòmasyon oswa feyè yo resevwa lekòl la. Lè yo pi piti, li ka itil pou verifye valiz yo pou devwa yo oswa lòt kominikasyon lekòl la voye.

## **Mande pwofesè yo kijan yo evalye travay elèv yo.**

Mande pwofesè pitit ou ki jan yo evalye travay elèv yo ak kijan yo kontwòle pwogrè yo. Mande kijan yo pral pataje enfòmasyon sa yo avèk ou. Li pi bon pou mande pwofesè a nan kòmansman ane lekòl la oswa nan klas la. Konsa, ou menm ak pitit ou a ap kapab pale sou pwogrè yo pandan y ap aprann. Li pa janm twò ta pou w mande kòman y ap fè kontwòle mwayèn ak evalye pitit ou.

### **Ou kapab mande:**

- Ki pi bon fason pou m kontakte w si mwen gen kesyon sou mwayèn pitit mwen oswa sou pwogrè akademik yo?
- Ki jan ou evalye travay pitit mwen an?
- Kijan mwen ka verifye mwayèn pitit mwen?
- Kijan mwen kapab aprann de pwogrè pitit mwen?

## **Mande pwofesè yo kijan yo pral pataje pwogrè pitit ou ak mwayèn yo.**

Anpil lekòl itilize yon pwogram anliy pou anrejistre mwayèn elèv yo, nòt egzamen yo, oswa rezilta evalyasyon yo. Lekòl la responsab pou ede fanmi yo jwenn aksè nan pwogram anliy sa yo.. Yo dwe ede fanmi yo konprann enfòmasyon sou mwayèn pitit yo oswa lòt rezilta yo. Si w pa jwenn pwogram anliy lan itil oswa si li pa disponib nan lang ou prefere a, mande pou w wè mwayèn oswa rezilta pitit ou yon lòt jan. Sa kapab fèt pa imel, an prezansyèl, oswa nan telefòn.

### **Ou kapab mande:**

- Mwen gen pwoblèm pou wè mwayèn pitit mwen anliy. Èske gen yon lòt fason pou mwen wè nòt yo?
- Ki kote mwen ka jwenn èd pou wè nòt pitit mwen an? E rezilta evalyasyon yo?

- Kijan mwen ka rankontre avèk ou pou m konnen plis sou aprantisaj ak nòt pitit mwen an?

## Ki jan ou ka sipòte aprantisaj pitit ou a nan diferan laj?

### Sipòte pitit ou pandan lekòl primè.

Ou gendwa pale ak pwofesè pitit ou a pou w poze kesyon sou aprantisaj pitit ou a epi kijan pou sipòte yo. Ou kapab mande ki jan yo bay elèv yo nòt oswa ki evalyasyon yo pral pran. Si pitit ou a pi piti, ou kapab pale ak pwofesè a. Mande ki jan yo bay elèv yo nòt oswa ki evalyasyon yo pral pran. Jwenn lide sou fason pou ede pitit ou a aprann lakay ou. Ou kapab pataje tou sou pitit ou a ak fason yo renmen aprann. Si pitit ou a gen difikilte, anwiye, oswa enkyete pou travay lekòl la, ou ka vle pataje sa ak pwofesè a tou. Sonje ou ka pale de nòt pitit ou ak pwogrè yo pandan konferans paran-pwofesè kote sa souvan yon sijè konvèsasyon. Mande entèprèt davans, si sa nesesè.

Ou ka santi w alèz lè w ap pale ak pwofesè a. Sonje li enpòtan pou fanmi yo, pwofesè yo, ak lekòl yo gen bon komunikasyon pou sipòte pitit ou.

### Sipòte pitit ou pandan lekòl twazyèm sik fondamantal ak segondè.

Lè timoun yo pi gran, yo kapab pran plis kontwòl sou aprantisaj yo. Timoun nan twazyèm sik fondamantal ak lekòl segondè gen yon pi bon konpreyansyon de klas yo. Yo konprann sa yo atann de yo lekòl la plis pase timoun ki pi piti.

- Pale ak pitit ou de nòt yo ak aprantisaj yo. Lè w fè sa, montre pitit ou ou gen konfyans nan kapasite akademik li. Pèmèt yo responsab edikasyon yo.
- Montre pitit ou li ka mande èd lè li bezwen li. Li enpòtan pou w pale ak pitit ou de lekòl pandan ane lekòl la.
- Lè pitit ou a santi li nan konfizyon, fistre, oswa bezwen plis èd, sa kapab ede yo rankontre ak pwofesè a. **Pafwa, li kapab itil pou paran oswa moun k ap bay swen yo ale nan reyinyon an tou. Lòt fwa, pitit ou a kapab rankontre ak pwofesè a poukont li. Li kapab senp tankou fè pitit ou a pale ak pwofesè yo anvan oswa apre klas la. Si pitit ou rankontre yon pwofesè poukont li, ou kapab mande pitit ou sou ki jan konvèsasyon an te pase. Fè lwanj yo paske yo mande èd epi yo**

responsab edikasyon yo.

### Ou apab mande pitit ou:

#### Kesyon sou mwayèn

- Kijan yo santi yo de mwayèn yo?
- Kijan yo bay nòt nan kou yo?
- Ki jan ou fè konnen ki nòt ou yo?

#### Kesyon sou pwogrè pitit ou

- Kòman ou travay lekòl la?
- Ki jan w santi w de lekòl la?
- Ki matyè oswa sijè ou renmen aprann?
- Nan ki matyè ou santi w konfyan?

#### Kesyon pou sipòte aprantisaj yo

- Ki kote ou panse ou ta kapab amelyore?
- Èske w enkyete w pou nenpòt nan klas ou yo?
- Sou ki matyè oswa sijè ou dwe travay pi di?
- Ki matyè oswa domèn ou ta renmen plis èd?
- Èske w santi w ap jwenn èd ou bezwen pou w reyisi?
- Kijan mwen kapab ede w?

### Diferan Fason Lekòl yo Verifye Pwogrè Akademik

Rezilta evalyasyon ak tès yo jwe yon wòl nan konprann pwogrè akademik pitit ou. Rezilta yo montre nan ki domèn pitit ou a ap byen travay ak ki kote yo kapab amelyore. Kanè pitit ou, nòt egzamen yo, ak fidbak pwofesè yo tou se yon fason pou verifye pwogrè yo. Ou kapab aprann plis nan seksyon sa a.

### Evalyasyon ak Tès Eta yo

Yo itilize evalyasyon yo pou aprann sou pwogrè akademik elèv yo. Yo genyen ladan yo tès tradisyonèl yo, men tou gen aktivite nan salklas. Aktivite sa yo ede pwofesè yo detèmine ki lè chak elèv bezwen plis èd oswa pratik ak ki lè yo pare pou avanse.

Yo itilize evalyasyon yo tou pou verifye konpetans elèv yo nan lang anglè. Elèv ki

gen nivo anglè ki pi ba pase konpetans yo konsidere aprenan anglè yo. Yo pran yon tès anglè chak ane pou verifye pwogrè yo.

Egzamen Leta yo mezire pwogrè akademik elèv yo baze sou Nòm Aprantisaj Ohio yo nan sèten matyè Rezilta tès yo ede tou mezire pèfòmans chak lekòl piblik yo pataje sou Ohio School Report Card.

Elèv ki nan klas 3èm ane jiska 8èm ane ak lekòl segondè pran Egzamen Eta Ohio nan lang anglè ak matematik. Nan lekòl twazyèm sik fondamantal ak segondè, elèv yo kapab pran tès leta nan syans ak syans sosyal.

Plis enfòmasyon sou [Ohio's State Tests](#) disponib sou sitwèb Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a.

**Yo itilize nòt yo pou mezire travay elèv yo.** Chak lekòl ka bay elèv yo yon nòt diferaman. Pwofesè nan menm lekòl la ka bay nòt diferan tou. Gen kèk sistèm nòt ki gen ladan sèlman evalyasyon klas oswa tès epi eskli devwa lakay yo. Gen lòt ki konsantre sou aprantisaj metriz. Genyen menm kanè ki baze rannman nòmalize. Genyen twòp sistèm pou mete yo isit la. Men, fanmi yo bezwen konprann lekòl yo ak sistèm nòt pwofesè yo. Li enpòtan pou verifye ak lekòl ou a ak pwofesè pitit ou a pou konnen ki jan yo bay nòt. Men kèk fason komen elèv yo jwenn nòt nan Ohio.

### Nòt nan Elemantè ak Petitanfans

Pandan premye ane lekòl yo, tankou jadendanfan ak lekòl primè, lekòl la ka itilize lèt pou nòt yo. Chak lèt vle di yon mo ki esplike kijan yon timoun te aprann yon konpetans oswa yon konsèp.

#### Egzanp echèl nòt komen:

| Lèt | Siyifikasyon    |
|-----|-----------------|
| O   | Eksepsyonèl     |
| S   | Satisfèzan      |
| N   | Bezwen amelyore |
| U   | Pa satisfèzan   |

| Lèt | Siyifikasyon         |
|-----|----------------------|
| E   | Depase atant         |
| M   | Reponn ak atannt yo  |
| P   | Pwogrese             |
| I   | Pwogrè pa satisfèzan |

## Nòt nan twazyèm sik fondamantal ak segondè

Twazyèm sik fondamantal ak segondè kapab itilize lèt tou pou nòt. Lèt yo reprezante yon nimewo ki anjeneral ant zewo ak 100. Yon nimewo ki pi ba se yon nòt ki pi ba. Yon nimewo ki pi wo se yon nòt ki pi wo.

Yo ka retire nòt elèv yo nan yon total 100. Sa baze sou k rannman yo bay sou yon travay oswa yon tach. Gen kèk lekòl ki ka fè soustraksyon 10 pwen (yon echèl nòt 10 pwen). Gen lòt ki ka retire sèt pwen (yon echèl nòt 7 pwen).

Sa vle di nan echèl nòt 10 pwen diferans ki genyen ant yon klas ak yon lòt se 10 pwen. Nan echèl nòt 7 pwen diferans lan se sèt pwen.

Nenpòt fason, toude echèl nòt yo itilize lèt A kòm nòt ki pi wo a ak lèt F kòm nòt ki pi ba a.

**Echèl nòt sa yo kapab sanble tankou sa a:**

| Lèt | Echèl nòt 10 pwen | Echèl nòt 7 pwen |
|-----|-------------------|------------------|
| A   | 100-90            | 100-93           |
| B   | 89-80             | 92-85            |
| C   | 79-70             | 84-78            |
| D   | 69-60             | 77-70            |
| F   | 59 epi ba         | 69 epi ba        |

## Mwayèn Nòt Kimlatif (GPA)

Nan lekòl twazyèm sik fondamantal ak segondè, yo kapab ajoute nòt elèv yo ansanm epi yo kapab rapòt yo nan yon Mwayèn Nòt Kimlatif (oswa GPA). GPA yon elèv se yon bagay anplwayè, fakilte, oswa inivèsite kapab revize pou bousdetid oswa opòtinite karyè.

## Kanè

Lekòl yo itilize kanè yo pou pataje nòt final yo ak fanmi yo ak elèv yo. Yo ka voye lakay ou oswa poste yo anliy. Kanè yo fè pati dosye pèmanan yon elèv nan lekòl la.

## Rapò sou pwogrè

Anpil lekòl voye yon rapò sou pwogrè bay fanmi yo apre kèk mwa nan ane lekòl la. Rapò sa a ede fanmi yo ak elèv yo konnen nan ki pwen pitit yo ap aprann sa y ap anseye lekòl la. Rapò sa a kapab ede pwofesè yo ak fanmi yo konprann ki kote elèv la briye ak ki kote yo ka amelyore.

Verifye ak lekòl ou a pou konnen ki lè ak ki jan yo pataje kanè yo oswa rapò pwogrè yo ak fanmi yo.



## Resous Adisyonèl

Ou ka jwenn plis resous ak enfòmasyon sou nòt anba a.

- Ou kapab aprann plis nan seksyon "Ede Pitit Ou reyisi Lekòl" nan NCELA Family Toolkit lè w seleksyone Chapit 6. Li disponib nan kat lang (anglè, arab, chinwa, ak espanyòl). <https://ncela.ed.gov/educator-support/toolkits/family-toolkit>
- Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pale ak pwofesè pitit ou a sou sitwèb Colorin Colorado a. <https://www.colorincolorado.org/article/talk-your-childs-teacher>
- Resous Read a Report Card ki soti nan Reading Rockets bay plis enfòmasyon. <https://www.readingrockets.org/article/how-read-report-card>
- Aprann ven fason ou ka sipòte pitit ou sou sit entènèt Colorin Colorado. <https://www.colorincolorado.org/article/twenty-ways-you-can-help-your-children-succeed-school>
- Paj USA Hello sou fason pou ede pitit ou nan lekòl la disponib nan plizyè lang. <https://usahello.org/education/children/help-child-in-school>
- Resous Taking a Closer Look at My Child's Academic Success nan Reading Rockets dekri kijan fanmi yo ka sipòte siksè akademik pitit yo. <https://www.readingrockets.org/article/taking-closer-look-my-childs-academic-success>

- Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sipò timoun nan lekòl presegondè sou sitwèb Ohio Statewide Family Engagement Center.  
<https://ohiofamiliesengage.osu.edu/resources/launching-your-middle-schooler-to-success-available-in-chinese-somali-nepali-spanish-and-arabic>
- Bibliyotèk piblik ou a ka yon gwo resous pou ede pitit ou a gen bon nòt. Anplis aksè gratis nan liv, anpil bibliyotèk piblik gen èd ak leson patikilye gratis pou devwa yo. Yo kapab ede elèv yo ak aprantisaj vityèl. Yo kapab ede yo tou jwenn aksè ak òdinatè, entènèt la, ak lòt teknoloji yo ka bezwen. Pou jwenn yon bibliyotèk piblik toupre w vizite sit entènèt Library Ohio.  
<https://library.ohio.gov/using-the-library/find-an-ohio-library>
- Sitwèb Write and Improve gratis la ede elèv yo amelyore ekriti yo.  
<https://writeandimprove.com/free>

*Resous sa yo vize ranfòse akademik, byennèt elèv yo, ak inivèsite ak rezilta karyè pou aprenan multileng nan Ohio. Resous yo te kreye atravè yon efò kolaborasyon ant Ohio Department of Education and Workforce and The Ohio State University's Center "Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio ak Sant" sou Edikasyon ak Fòmasyon pou Travay Ohio State University ansanm ak yon gwoup defansè fanmi devwe, lidè kominotè, pèsonèl distri lekòl la, ak pwofesè yo.*